# Чергазийна чехкалла

**Чергазийна чехкалла, цу некъа бохалла!**
**Цкъа тоьхча тоьар ю дикчу динна шед.**
**Цкъа тоьхча тоьар ю, цкъа тоьхча тоьар ю,**
**Цкъа тоьхча тоьар ю дикчу динна шед.**

**Дуьнена доккхалла, цу неха дукхалла!**
**Цкъа аьлча тоьар ду дикчу къента дош.**
**Цкъа аьлча тоьар ду, цкъа аьлча тоьар ду,**
**Цкъа аьлча тоьар ду дикчу къента дош.**

**Схьаяло, хаза йо1, лам т1е дала ва вайша,**
**Ламт1ера ламхошца лам боькъур вайша.**
**Ламт1ера ламхошца, ламт1ера ламхошца,**
**Ламт1ера ламхошца лам боькъур вайша.**

**Сан туьра дитта т1ехь некъ буьллур вайша,**
**Сан тоьпа г1опа т1ехь юрт юьллур вайша.**
**Сан тоьпа г1опа т1ехь, сан тоьпа г1опа т1ехь,**
**Сан тоьпа г1опа т1ехь юрт юьллур вайша.**

**Хьан хуьта г1абали г1оьвлинга юьллур вай,**
**И 1аьржа сан верта т1етосур вайша.**
**И 1аьржа сан верта, и 1аьржа сан верта,**
**И 1аьржа сан верта т1етосур вайша.** } **2р**

Create PDF files without this message by purchasing novaPDF printer (http://www.novapdf.com)